



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Akademi Kreyòl Ayisyen di ou mèsi Akademisyèn Odette Roy FOMBRUN !



23 desanm 2022, yon dat ki tranble Akademi Kreyòl Ayisyen. Yon dat ki pote ale Dwayen laj Akademisyen yo, Akademisyèn Odette Roy FOMBRUN. Grandèt la travèse ak 105 rekòt kafe sou tèt li. Se Fondation Odette Roy Fombrun menm ki te anonse nouvèl disparisyon sila.

Akademisyèn Odette Roy FOMBRUN ki fè pati premye kowòt Akademisyen nan

Akademi Kreyòl Ayisyen nan ane 2014, se yon pèsonaj lejandè, yonn nan potò mitan epi defansè lang ak kilti kreyòl ayisyen an. Odette Roy FOMBRUN souse nan rasin istorik ak kiltirèl pèp ayisyen pou nourri pwodiksyon li yo. Poudayè, se li menm ki te pwopoze Atik 5 Konstitisyon 1987 la ki di **Se lang kreyòl ayisyen ki simantè tout Ayisyen ansanm**. Se li menm ankò ki te **pwopoze, nan Atik 213 Konstitisyon an, pou Ayiti gen yon Akademi kreyòl**. De (2) reyalyasyon sa yo sèlman sifi pou nou wè dimansyon pèsonaj la.

Akademi Kreyòl Ayisyen rekonesan anpil anvè grandè ak kalite travay pèsonaj sa a ki te kanpe an avangadis pou pèmèt lang kreyòl ayisyen an vin ofisyèl, nan yon moman kote yon kategori moun te kanpe ankwa pou anpeche popilasyon an viv lang li. Akademisyèn Odette Roy FOMBRUN kontribye anpil nan anrichi literati, istwa, edikasyon ayisyen an. Se yon potòrik fanm ki kite yon dividal zèv wòdpòte pou jenerasyon ki la ak lòt k ap vini.



Repiblik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Akademisyèn Odette Roy FOMBRUN fèt Pòtoprens 13 jwen 1917. Li mouri 23 desanm 2022. Li se nòmalyèn epi enstititris. Konsyans sosyal ki te abite li fè li pase kòm premye Ayisyen ki louvri yon lekòl pou timoun / jaden danfan an Ayiti, an 1946. E li te pami premye Ayisyen tou ki te wè nesosite pou entegre kreyòl nan edikasyon timoun yo, anvan menm Minis edikasyon Joseph C. BERNARD te pwopozè refòm li an nan lane 1979. Odette Roy FOMBRUN se yon avangadis. Pou kont pa li, li pote yon bann chapo. Alafwa konstitiyan an 1987, ekriyen, pwofesè, Akademisyèn emerit, istoryen, elatriye.

Yon lòt bò, men kèk eleman ak valè ki te mak fabrik Odette Roy FOMBRUN: lanmou, pataj, viv ansanm, solidarite ak etik. Li se yonn nan moun ki te plis mete aksan sou nesosite pou tout Ayisyen fè yon gwo KONBIT pou retire peyi a nan sitiyasyon difisil li twouve l depi kèk tan. Nan zèv li ekri yo, li touche koze edikasyon sivik, liv timoun, literati jenès, woman, kont, refleksyon sosyopolitik sou literati, istwa, elatriye. Li resewa yon latrize pri an Ayiti tankou nan lòt peyi pou kouwone travay li. 12 janvyè 2022, Akademi Kreyòl Ayisyen te renmèt li yon plak *Onè ak Merit* pou salye kontribisyon li nan kore devlopman lang kreyòl ayisyen an.

Malgre li te avanse nan laj, Odette Roy FOMBRUN te rete djougan. Li te toujou pare pou bay opinyon li sou sa k ap pase nan peyi a. Li te reve yon peyi granmoun kote tout pitit peyi a ka viv tankou moun.

Akademi Kreyòl Ayisyen envite tout moun selebre lavi bèl nanm sila pandan AKA ap swete fanmi, zanmi ak pwòch li yo anpil kouraj pou pase moman difisil sila.

Pou tout sa ou te fè ak tout zèv ou kite, Akademi Kreyòl Ayisyen ap di ou mèsi Akademisyèn Odette Roy FOMBRUN !